

Pwoteje tèt ou, Florid

Sa yon asirans sante vo toutbon

Pèsonn pa vle pou malad ni blese, poutan prèske tout moun bezwen swen medikal chak ane. Mete sou sa, asirans sante se yon bagay ki ede w rete an sante! Plan an ap peye pou egzamen woutin yo, vaksen yo, analiz san ou gen pou fè chake ane yo ak depistaj kansè yo **san w pa peye plis** pou bagay sa yo.

Èske ou te konnen, san asirans sante, sa koute...



\$3,100

An mwayèn pou yon vizit nan sal dijans nan yon lopital Florid¹



\$7,500

Pou ranje yon janm kase²



\$30,000

An mwayèn pou yon ospitalizasyon twa jou²



Plizyè santèn milye

dola pou yon tretman konplè pou kansè²

Lè ou gen yon asirans sante, ou pa gen pou peye pou bòdwo medikal yo poukont ou, kit se yon endijesyon ou genyen, kit se yon gwo aksidan ou te fè epi ou blese grav.

Plan asirans sante Marketplace yo gen sèvis sa yo ladan yo:

- Swen prevansyon ak byennèt
- Swen ijans
- Sèvis sante konpòtmantal
- Ospitalizasyon
- Medikaman
- Sèvis laboratwa ak plis bagay toujou!

Ale sou **GetCoveredFlorida.com** pou jwenn plis enfòmasyon.

¹Sous: <https://www.debt.org/medical/emergency-room-urgent-care-costs>

²<https://www.healthcare.gov/why-coverage-is-important/protection-from-high-medical-costs/?adlt=strict>

³<https://health.costhelper.com/appendicitis.html>

Se Florida Blue, yon konpayi endepandan ki jwenn yon lisans nan men Blue Cross and Blue Shield Association, ki bay enfòmasyon sa yo.

Si w pa gen yon asirans sante, sa ka koute w pi chè pase sa ou panse. Èske ou te ka nan sityasyon sa yo?



Pierre te gen yon vant fè mal, li te gen kè plen epi li t ap vomi. Li t ale nan sal dijans lopital la epi yo te entène l poutèt li te gen apendisit. Piske li pa t gen asirans sante, li te dwe plis pase **\$35,000³** pou de jou li te pase lopital la.



Nicole te kase janm li lè l te glise atè pandan yon match sòfbòl. Li te jwenn yon tretman nan yon sant swen rapid, lèfini li te ale kay espesyaliz zo pou plizyè vizit suivi. Sa te vin koute l plis pase **\$7,500²** e li te oblije peye kòb sa ak pwòp lajan pa l la.